

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan : (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran panalungtikan dina kamampuh nulis laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2023/2024 baris dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis laporan kagiatan saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kaasup kana katégori “can tuntas” kalawan rata-rata peunteun 54,69 tina KKM ≥ 75 . Anapon aspék-aspék nu dipeunteun nyaéta : (1) aspék eusi saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,50 tina skor maksimal 4, (2) aspék organisasi saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,47 tina skor maksimal 4, (3) aspék kosa kecap saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Kurang Hadé” kalawan rata-rata peunteun 1,97 tina skor maksimal 4, (4) aspék adegan basa saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Kurang Hadé” kalawan rata-rata peunteun 1,94 tina skor maksimal 4, jeung (5) aspék mékanik (éjahan jeung diksi) saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,06 tina skor maksimal 4. Tina 32 siswa ngan aya 2 siswa anu meunang peunteun ≥ 75 kalawan katégori tuntas, sedengkeun 30 siswa meunang peunteun ≤ 75 kalawan katégori can tuntas. Hartina, siswa masih kénéh can maham kana aspék-aspék dina nulis laporan kagiatan. Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh ngagunakeun modél *Round Table* kagolong can tuntas kalawan rata-rata peunteun 54,69 tina KKM ≥ 75 .
- b. Kamampuh nulis laporan kagiatan sabada ngagunakeun modél *Round Table* kaasup kana katégori “tuntas” kalawan rata-rata peunteun 79,84 tina KKM \geq

75. Anapon aspék-aspék nu dipeunteun nyaéta : (1) aspék eusi sabada ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Cukup-Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,75 tina skor maksimal 4, (2) aspék organisasi sabada ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Cukup-Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,25 tina skor maksimal 4, (3) aspék kosa kecap sabada ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Cukup-Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,00 tina skor maksimal 4, (4) aspék adegan basa sabada ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Cukup-Hadé” kalawan rata-rata peunteun 3,09 tina skor maksimal 4, jeung (5) aspék mékanik (éjahan jeung diksi) sabada ngagunakeun modél *Round Table* kagolong “Sedeng-Cukup” kalawan rata-rata peunteun 2,81 tina skor maksimal 4. Tina 32 siswa aya 29 siswa anu meunang peunteun ≥ 75 kalawan katégori tuntas, sedengkeun 3 siswa meunang peunteun ≤ 75 kalawan katégori can tuntas. Hartina, siswa geus maham kana aspék-aspék dina nulis laporan kagiatan. Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2023/2024 sabada ngagunakeun modél *Round Table* kagolong can tuntas kalawan rata-rata peunteun 79,84 tina KKM ≥ 75 .

- c. Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Round Table*. Pikeun validasi panalungtikan, unggal data di uji ngagunakeun uji normalitas anu satuluyna di uji deui ngagunakeun uji hipotésis. Dumasar data panalungtikan, kapaluruh yén data hasil tina uji normalitas *Shapiro-Wilk* nyaéta *pretestna* 0,34 leuwih ti 0,05 jeung hasil *posttestna* 0,51 leuwih ti 0,05. Hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén data *pretest* jeung *post-test* miboga distribusi normal. Anapon satuluyna dilakukeun uji hipotésis ngagunakeun *paired samples t-test* nu mangrupa bagéan tina *statistic parametric*. Hasilna bisa dicindekkeun yén t itung nyaéta -16.261 kalawan signifikansina (Sig.(2-tailed)) ,001. Nilai signifikansi ,001 \leq 0,05, dumasar kana kritéria bisa dicindekkeun yén H_1 ditarima H_0 ditolak. Sacara déskriptif kapaluruh yén aya bédana antara kamampuh nulis laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2

Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Round Table*. Hartina Modél *Round Table* éféktif pikeun kamampuh nulis laporan kagiatan.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeuna modél pangajaran *Round Table* miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh ditarima ku siswa. Digunakeunna modél *Round Table* jadi salah sahiji cara pikeun numuwuhkeun sikep kréatif siswa dina ngamekarkeun ide jeung gagasan, parigel dina milih jeung makéna kecap, ogé éféktifna suasana diajar di kelas. Salian ti éta nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu modél siswa jadi leuwih aktif dina gawé bareng.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan modél *Round Table* dina pangajaran nulis laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2023/2024, panalungtik miboga rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Round Table* téh éféktif dilarapkeun dina pangajaran nulis laporan kagiatan, ku kituna ieu modél bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina ngagunakeun modél nu variatif hususna dina pangajaran nulis laporan kagiatan.
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan modél *Round Table* ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan modél pangajaran *Round Table* nyaéta ngagunakeun métode ékspérimén murni atawa dikolaborasikeun ngagunakeun média pangajaran.